

# Avi Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire sou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive

## AVI SA A DEKRI KIJAN NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK KIJAN OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.

Dapre Lwa Federal ak Lwa Eta New York, Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) gen obligasyon pou pwoteje sekrè Enfòmasyon Pwoteje sou Sante (Protected Health Information) ou (tankou enfòmasyon medikal ak enfòmasyon sou bòdwo ak enfòmasyon nou itilize pou pran desizyon sou ou), epitou pou swiv kondisyon avi sa a. Enfòmasyon ki gen pou wè ak sante ak idantifikatè pèsònèl nou bay pou Pwogram yo rete an sekrè yon fason ki serye.

Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) gen obligasyon tou pou ba ou avi sa a pou yo fè ou konnen kijan Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) ka itilize epi bay (divilge) Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou nou konsève nan Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs). Si Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) fè nenpòt chanjman nan fason nou itilize ak divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou, w ap resevwa yon nouvo avi pa lapòs. Ekip pwogram nan konnen bezwen ou pou sekrè enfòmasyon ak pwoteksyon enfòmasyon prive, epi y ap divilge enfòmasyon pèsònèl ou yo sèlman jan li nesèsè pou administrasyon pwogram yo.

Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) dwe itilize ak divilge enfòmasyon ki gen pou wè ak sante ou:

- Ba ou oswa ba moun ki gen dwa legal pou pran desizyon pou ou (pa egzanp, mandatè swen sante ou oswa yon moun ou chwazi dapre yon divilgasyon espesyal ou siyen);
- Manm Komisyon Sante Eta New York ak Biwo Federal Dwa Sivil (Office of Civil Rights), si li nesèsè, pou asire enfòmasyon prive ou yo pwoteje; epi
- Lè lalwa egzije sa yon fason espesyal: pa egzanp, pou aktivite sipèvizyon swen sante.

Avèk pèmasyon ou, Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) ka itilize epi divilge Enfòmasyon Pwoteje sou sante ou; pa egzanp:

- Pou peye pou swen sante ou, pou ba ou sèvis kliyan; pou rezoud nenpòt plent ou genyen epitou pou opere Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Gen Asirans (Uninsured Care Programs);
- Pou peye, refize ak verifye reklamasyon pou sèvis yo, epitou pou kowòdone avantaj ou resevwa yo;
- Pou peye prim asirans sante epi pou voye bòdwo ba lòt konpayi asirans, tankou Medicaid, jan ou endike sa;
- Ba asosye biznis nou yo ki ede nou nan operasyon nòmal biznis lan; pa egzanp, oditè deyò, depi yo dakò pou kenbe enfòmasyon ou yo an sekrè;
- Pou evite yon menas grav ki pral rive pou sante ou oswa sekirite;
- Pou kontakte ou sou nouvo avantaj yo ak avantaj ki chanje yo anba Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs); epi
- Pou kontakte ou konsènan nouvo enfòmasyon sou tretman ou oswa pou jwenn kòmantè ou.

Men kèk nan enfòmasyon Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) konsève:

- Aplikasyon pou antre nan Pwogram nan;
- Fòm aplikasyon medikal pwofesyonèl swen sante ou ranpli;
- Enfòmasyon sou reklamasyon ak peman (jiska 7 ane sèlman); ak
- Enfòmasyon medikal pwofesyonèl swen sante ou bay pou jwenn apwobasyon anvan medikaman ou sèvis yo.

### Dapre lalwa, ou gen dwa pou:

- Wè epi resevwa yon kopi avi sa a sou papye, oswa yon kopi Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou, nou konsève nan Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs); si ou jwenn refi pou demann ou fè pou enfòmasyon sou sante ou, ou gen dwa pou chèche yon revizyon refi a.
- Mande pou nou fè modifikasyon nan Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou. Si Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) pa dakò avèk demann ou (pa egzant, si enfòmasyon yo gen presizyon ladan yo), ou ka fè nou mete yon deklarasyon dezakò a nan Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou.
- Jwenn yon lis moun ki resevwa Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou nan Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs). Lis la ap konsène Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou nou te divilge pou peye pou swen sante ou, asirans sante oswa pou operasyon Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs).
- Mande Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) pou kominike avèk ou nan yon manyè diferan oswa nan yon kote diferan (pa egzant, lè nou voye dokiman yo ba ou nan yon Bwat Postal alapas adrès lakay ou).
- Mande Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) pou limite fason nou itilize ak divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou pou peye reklamasyon yo epitou pou opere Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs). (Tanpri sonje Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) ka pa kapab dakò avèk demann ou).
- Resevwa avi sizoka gen yon vyolasyon nan enfòmasyon prive ou oswa nan sekirite Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou.
- Ou gen dwa pou resevwa yon kopi elektwonik Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou nou konsève sou fòm elektwonik. Kote nou pa kapab pwodui enfòmasyon elektwonik fasil nan fòm ak fòm ou mande a, n ap bay enfòmasyon yo nan yon lòt kalite fòm ak fòm ki fasil pou li jan Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) ak oumenm dakò.

Dapre lalwa, Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) dwe jwenn pèmasyon ("otorizasyon") pou itilize oswa divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou pou nenpòt rezon ki pa endike nan avi sa a. Ou ka anile (sispann) pèmasyon alekri ou nenpòt kilè, depi ou voye yon avi anilasyon alekri.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan oswa ou kapab egzèse dwa ou depi ou rele Biwo ki Responsab Enfòmasyon Prive (Privacy Office) nan nimewo Albany ki endike anba la a oswa depi ou gade enfòmasyon ki sou sitwèb la nan [www.health.state.ny.us](http://www.health.state.ny.us). Si ou kwè Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs) vyole dwa ou pou enfòmasyon ki endike nan avi sa a, ou ka voye plent ou konsènan Pwogram Swen Sante pou Moun ki pa Asire (Uninsured Care Programs) nan nenpòt nan adrès ki endike anba la yo:

Ofisye ki Responsab Enfòmasyon Prive  
Empire Station  
P.O. Box 2052  
Albany, New York 12220  
Telefòn: (800) 542-2437  
TTY (518) 459-0121

Biwo Dwa Sivil  
Depatman Sante ak Sèvis Sosyal  
Jacob Javits Federal Building  
26 Federal Plaza Suite 3312  
New York, New York 10278  
Telefòn (212) 264-3313 Faks (212) 264-3039

Si ou fè yon plent sa p ap afekte ou oswa sa p ap lakòz ou tonbe anba aksyon negatif oswa sa p ap afekte kalifikasyon ou pou pwogram nan anba Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs).

Avi sa a konsènan enfòmasyon prive a disponib tou sou entènèt nan sitwèb:

[www.health.state.ny.us/diseases/aids/resources/adap/hipaa.htm](http://www.health.state.ny.us/diseases/aids/resources/adap/hipaa.htm)

**Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Pwogram Swen Sante pou Moun ki Pa Asire (Uninsured Care Programs)**

**1-800-542-2437**